

28 novanm

Se Li ki gen pouvwa pou fè nou kenbe fèm nan konfyans lan... Lwanj pou Bondye, Li menm sèl ki gen bon konprann ! Lwanj pou Li nan Jezi Kris, depi tout tan ak pou tout tan ! Women 16. 25-27

Kwè e obeyi

Pouvwa Bondye ak otorite li pa gen limit. Tout bagay sou latè soumèt devan li (Sòm 119. 91). Kilès ki di yon bagay epi sa l di a rive vre san Bondye pa vle ? Depi Bondye sèl Mèt la pale se fini ! Sa Li di se sa k fèt (Lamantasyon 3. 37).

Lòske Bondye t ap kreye linivè avèk yon sajès Konesans lòm pa ka rive konprann totalman, “Li pale bagay la rive. Li bay lòd tout bagay fèt” (Sòm 33. 9). Nou dwe nou mem tou obeyisans.

Nan epòk wa Akab t ap dirije peyi Izrayèl, yon gwo grangou te frape peyi a. Pwofèt Eli te sibi tout konsekans lan. Men, Letènèl te di li : “Al cache toupre ravin kerit la... Mwen bay kaw yo lòd pou yo pote manje ba ou” (1 Wa 17. 3, 4). Se yon pwomès etranj pou zwazo voras e grangou sa yo pran swen yon moun... Moun ki mete konfyans li nan Bondye pa konteste sa Bondye di li, li obeyi. Eli te fè sa Senyè a te bay lòd fè a. Konsa, Kaw yo te pote pen ak vyann pou li chak maten, chak swa.

Anpil tan aprè, Jezi te twouve li bò yon letan avèk Simon Pyè, Li di l : “vanse kannòt la plis nan fon. Jete sèn ou pou w peche”. Simon reponn li : “Mèt, nou pase tout nuit la san nou pa pran anyen. Men, paske se ou ki di nou fè sa, nou pral lage sèn nan. Yo lage sèn nan, yo pran yon kantite pwason. Tèlman pwason yo te anpil, sèn nan t ap chire... Lè Simon Pyè wè sa, li lage kò li nan pye Jezi, li di Li : Mèt, pa ret kote mwen, paske mwen pa bon” (Lik 5. 4-6, 8).

Lè Bondye pale avèk ou, ou twouve w devan pouvwa li. Pa di Li : “Mèt soti bò kote m”, men koute sa L ap di ou.

28 novembre

A celui qui est puissant pour vous affermir... au Dieu qui seul est sage, par Jésus Christ, à lui la gloire éternellement ! Romains 16. 25-27

Croire et obéir

La puissance de Dieu et son autorité sont absolues. Toutes choses le servent (Psaume 119. 91). “Qui est-ce qui dit une chose, et elle arrive, quand le Seigneur ne l’a point commandée ?” (Lamentations de Jérémie 3. 37).

Lorsque Dieu a créé l’univers, avec une sagesse que la science des hommes ne peut pas comprendre pleinement, “il a parlé, et la chose a été ; il a commandé, et elle s’est tenue là” (Psaume 33. 9). Nous lui devons, nous aussi, l’obéissance.

Au temps du roi Achab, une terrible famine frappe le pays. Élie, le prophète, en subit toute la rigueur. Mais l’Éternel lui dit : “Va-t’en... au torrent du Kerith... J’ai commandé aux corbeaux de te nourrir là” (1 Rois 17. 3, 4). Étrange promesse que d’être nourri par des oiseaux voraces et affamés... L’homme de foi ne conteste pas, il obéit. Matin et soir, des corbeaux viennent le nourrir.

Bien plus tard, Jésus se trouve avec Simon Pierre au bord d’un lac et lui dit : “Mène en eau profonde, et lâchez vos filets pour la pêche. Simon lui répondit : Maître, nous avons travaillé toute la nuit, nous n’avons rien pris ; mais sur ta parole, je lâcherai les filets. L’ayant fait, ils prirent une grande quantité de poissons, et leurs filets se déchiraient... En voyant cela, Simon Pierre se jeta aux genoux de Jésus, disant : Retire-toi de moi, Seigneur, car je suis un homme pécheur” (Luc 5. 4-6, 8).

Quand Dieu vous interpelle, vous êtes placé devant la puissance de Dieu. Ne lui dites pas : “Retire-toi de moi”, mais écoutez sa Parole.